

# ДЕКЪАЛАЛЛИН БАКЪДЕРГ Я НЕIАЛТ ХИЛЛА ТЕАТР?

**АРТУР СИМОНЯН**

# Декъалаллин бакъдерг я неIалт хилла театр?

Артур Симонян

# Декъалаллин бакъдерг я неІалт хилла театр?

Артур Симонян
Декъалаллин бакъдерг я неІалт хилла театр? 2011, 47 агІо.

«Декъалаллин бакъдерг я неІалт хилла театр?» бохучо юхадерзадо адамана делаллин чулацам а, делаллин васт а, тера хилар а. Цо, адам тобанна юкъара схьа а доккхий, цунах цхьаъ бен воцург во.

**ISBN 5-550-01181-6**

Дала вайна тІедиллина долу деза гІуллакх кхочушдеш болчу динан тобанан массо а декъашхошна лору ас хІара тептар.

Хьоме ешархо, йоккха кІорге а, маьІна а долчу кху тептарх лаьцна сайна хеташ дерг хьоьца декъа лаьа суна, цуьнан авторх лаьцна масех дош а олуш.

Шайн сийлахьчу довзийтаршкахула адамашна керла дахар доло гІо деш болу Дала къастийнарш бу.

Кху тептаран автор, Дала, даьІахк санна, хилла йолу шира эпоха бухенга кхаччалц йоха а йина, шен Іаламехь доцчу даьтта хьакхарца керланиг чІагІъеш волу Артур Симонян ву. «Декъалаллин бакъдерг я неІалт хилла театр?» бохучу тептаро юхадерзадо адамана делаллин чулацам а, делаллин васт а, тера хилар а. Цо, адам тобанна юкъара схьа а доккхий, цунах цхьаъ бен воцург во. Котамийн гІожа тІе хиънaчуьра иза хьала а ойий, аьрзунан дахар ло цунна. ТуьтамІаьжагийн лабиринтера аравала гІо а дой, иза Кхоьллинарг волчунна хьалха а вуьгий, ша Кхоьллинарг волчунна юьхь-дуьхьал хІоттаво. Цу тептаро Делан ваІданаш тІекхуьйийла долуш а до, цу ваІданашкахь муха даха деза некъ а гойту.

Со тешна ю, хІара тептар а дешна, яздинарг кхочушдича, шен орамца хьан

дахар хуьйцуш йолу, кхоччуш керла йолу дог-ойла а, Делан Йозанийн билггал бакъдерг довзуьйтуш йолу дахаран агIонаш а хир ю хьан.

Коьрта редактор Гаяне Акопян

# ДЕШХЬАЛХЕНАН МЕТТАНА

Сан хьомениг, нагахь ахь хIара тептар деша сацам бинехь, ас билггал къобалбо хьан сацам.  Пурба лохьа суна хьайга доттагIчуьнга санна вистхила.

Кху тептарх лаьцна масех дош.

Нагахь хьан 16 шо ца кхаьчнехь, суна схьахетарехь, хьуна хIинца а хьалхе ду иза деша, дуьххьалдIа сатохахьа хьан хьайн диканан дуьхьа. Нагахь хьо 16 шарал тIехваьллехь, амма верах а, валарх а лаьцна хIума хезча вон хуьлуш велахь, хьан иштта дIахило йиш ю и тептар.

Тептаран цIе ю «Декъалаллин бакъдерг я неIалт хилла театр?» ХIунда олу неIалт хилла театр? Кхузахь театран а, киноискусствон а вовшашца зIе яц. Кху тептар тIехь дуьххьалдIа, иблисан каракхаьчча, адам, шен лаамехь а доцуш, тайп-тайпанчу агIор ша гойтуш хиларх лаьцна ду. Хьуна иштта адамаш лардархьама а, уьш кIелхьардахархьама а  гайтина болу инзаре Делан безам а, Цуьнан къинхетам а гур бу.

Везачу Эло декъалавойла хьо. Собар хиларца деша а деша, хууш а хила кху тептаро хьайна хаза дахар лург хилар.

Артур Симонян

## ОЙЛА ЯН ТАРЛО...

Цкъа соьга хаьттира:

– ХIун ду хьан дагахь дерг, иштта олучу хенахь: «Деле ала»?

Дуьззина жоп дала лаарца, ас элира:

– Хаьий хьуна, Шекспира яздора, дуьне – иза театр ю, ткъа адамаш цу чохь актёраш ду. «Деле ала» бохучун маьIна ду, сцени тIера охьа а воьссина, роль ловзочуьра саца а сецна, Ден цIа юха а вирзина, хIинца хьо кхоьллина волчун дуьхьа, оццу хенахь хьайн ма-дарра хилар а, кхин юха хирг ца хилар а лар а деш, вахар ду.

ХIара тептар дешарца, ахьа ойла ян там бу: «Со а ву те цхьа роль ловзош? Нагахь иза иштта делахь, ас деш дерг хIун ду? Хьенан роль ю ас ловзош ерг?» Со цхьаццадолчунна тIехь реза ву Шекспираца, хIунда аьлча дерриг дуьне дац сцени тIехь. Цхьаберш Делаца бехаш бу, ткъа кхиберш, Делан Йозанашкахь аьлла ма-хиллара: «Ткъа шу хIетахь делла дара, шайн зуламаш а, къинош а бахьана долуш. Цхьана хенахь, и къинош тIехь а долуш, кху дуьненан вочу некъашна

тIедевлла а, хIаваан ницкъийн элана тIаьхьахIиттина а лелаш ма дара шу. Цу эло хIинца а муьтIахь боцучу нехан дегнаш чохь болх бо. Цхьана хенахь вай массо а Іийра оцу нахана юкъахь, вешан хьайна болчу лаамех а дуьзна. Вешан догІмийн а, ойланийн а хьарам болу лаамаш кхочушбора вай. Кхиболу нах санна, вайн амалшка хьаьжжина, Делан оьгIазло тIеян дезаш дерш дара вай» (Эпасхошка 2:1-3).

Дуьненан ламасташца, хIаваэхь олалла деш волчу элан лаамца дехаш дара. Хьаьий хьуна, хIаваэхь олаллалла даран хIун маьIна ду? Иза вай дехаш долу атмосфера ю, тIаккха иза цхьаьннан олаллехь а ю. Ткъа нагахь санна цу атмосферехь цхьаммо олалла деш хилча, цу хьолан, адамаш цуьнан куьйга кIел а ду, цунна луъург деш а ду, боху маьIна ду.

Дезачу Йозанашкара вайна хаьа, Адама къа латийначул тIаьхьа атмосфера иблисан карахь нисъеллийла. Делан Дашо боху, вай, мацах ваьшка хIаваэхь олалла деш волчу эло боххург а деш, делла ду зуламаш деш а, къинош летош а хиларна а. Таханлера де тIекхаччалц а ду адамаш зуламечу синан

Iаткъам болуш. Цигара схьа ду оццул баланаш хьегар а, зулам а, цигахь къайладуьйлуш ду оццул долу адамаш дайаран бахьана а, церан дуьхьалхIиттар а, девнаш дийлар а, талхар а, нахаца лелар а, тешна бехкаш бар а, дуьхьалдийлар а, маларш мийлар а, наркомани а, иштта кхидолу зуламаш а. Цу халонийн орам хIаваэхь олалла дечу элан, иблисан, карахь бу. ТIаккха балане хIун ду аьлча, неIалт хиларан театран актёраш – иза иблисо шайга де боххург деш долу адамаш хилар ду. Векало ПахIала боху, вай дерриш а мацах вешан дилханан ойланаш а, лаамаш а кхочушбарца дехаш хилла, кхиберш санна, Iаламехь оьгIазаллин бераш а долуш. Цхьаннан а чIагIдойла дац иза цунна догIуш ца хилар. Иза массарех а хьакхалуш ду. Цхьаволчунах – яханчу хенахь, цхьаволчунах – йолуш йолчу хенахь, дуккха а хIинца а дуьнен чу бовлаза болчарех иза хин йолчу заманахь хьакхалур ду. «Цхьана адамехула - Адамехула - дуьнен чу къа деара, ткъа къинехула Iожалла а еана. Иштта Iожалла а хIора адамна тIееана, массара а къа латийна дела» (Римахошка 5:12).

Цундела Делан Дашо боху, къа массара а латийна. Тидам бехьа! Къа цхьаммо латийна ца Iа, ткъа массара а латийна. ГIолехь кхетархьама эр ду вай: адамаш Ден цIера ара а девлла, театре дахана, тIаккха кхин юха цIа дахка ца лиъна царна. Цара нийса хьежар дитина, хIунда аьлча, билггал бакъ дерг тIеэцархьама, синан ницкъ хилар оьшу. Билггал бакъдолчунна юьхь-дуьхьал хьажар – иза, малхе хьежар санна, хIума ду. «Амма иза хуьлийла дац», – ойла йийр ю ахьа. Делахь а, Делан Деша тIе товжарца, ас хьоьга эр ду, иза хуьлийла ду: «Цаьрга а хьоьжуш, Iийсас элира: «Иза адамашка далур долуш хIума дац, амма Деле далур ду, Дела дерриге а дан ницкъ болуш волу дела» (Марк 10:27).

(Ахь ойла йо: «Баккъал а оццул ницкъ боцуш ву те Дела, хIаваэхь олалла деш волчу элан олалла дIа а даьккхина, атмосферина тIехь долу олалла Шен кара а эцна, дуьненахь дикане паччахьалла дайтархьама». Жимма сатоха, тIаккха вай дуьйцур ду цунах лаьцна).

Адамаш иблисан карахь йолу марионеткаш юйла кхетча, уьш цу ирчачу

сценаристан а, режиссеран а карара схьабаха боккха лаам кхоллало. ХIара дешарца ахьа билггал ойла йо хир ю: «Иза ладаме дац». ТIаккха хIаваэхь олалла дечу эло шабар-шибар дан мега хьоьга: «Уьш доцурш а, эрна дуьйцу хабарш а ду». Амма оцу ойланашна тIаьхьахIиттале, масех масале хьовсур вай.

## НЕIАЛТ ХИЛЛА ТЕАТР

Дуккха а шераш хьалха суна цхьа зуда а, майра а девзара. Уьш безам а, вовшийн кхетам а болуш, дикачу доьзалан дахар дIакхоьхьуш бара. Доьзалан да Iилманан белхахо вара, нана а яра интелигенташна юкъара, церан цхьа кIант а вара. Дуккха а кхиболу дай-наной санна, и шиъ даккхийдера шайн кIантах. Цхьа хан яьлча, цхьа девзаш доцчу бахьанина майрачунна а, зудчунна а юкъахь хIора денна девнаш дийла дуьйладелира. ХIун дара те ма-дарра цу вовшийн дезаш долчу а, ирсечу а майрачунна а, зудчунна а юкъадоьлларг? Билггал синан дуьненахь безаман сценари цабезаман сценарино хийцина. Ткъа иза дина иблисо – хIаваэхь олалла деш волчу

эло. Ала мегар ду, иблисо яьккхина цу доьзалан атмосфера, тIаккха царна шен лаам кхочушбар тIе а дожош. Хьо реза ца хила мега: «ДоттагIа, ахь дукха тIех доккху хIума, хIунда аьлча дуккха а берш хуьлу къийсамаш болуш, иза галдаьлла хIума а ца лору». Иза лартIехь долуш хета хьуна? Хьовсур вай хIаваэхь олалла деш волчу эланан сценари кхидIа муха йоьду. Масех бутт баьлча, и зуда а, майра а дIасакъаьстира, ткъа церан кIентан бархI шо хан бен яцара. Цхьа шо гергга Iийра уьш цхьана тхов кIелахь, амма шайн-шайн чоьнаш чохь. Доьзалера хьал тIех кхеххкаш дара. Иблисо язйина йолу сценари кхидIа йоьдура. Тамашийна хIума ду, хIун дара царна хилларг? Дезаш долу зудий, майрий дукха хан ялале мостагIий хилира. Баккъалла а тIеэца ца лаьа хьуна, церан дахарна юкъа цхьаъ ваьлла хилар, цхьаъ царна уьш муха лела беза бохуш, тIедожо хIоьттина хилар? Хьовсур вай кхидIа. Масех бутт белира. Цкъа, арахь лаьтта да а гина, кIанта шен накъосташка элира: «Вир цIа юхайирзина». Да кIанте хьоьжучу хенахь, важа хичаш еш хуьлура. Ахь ала тарло, иза

дукхахьолахь хуьлуш долу хIума ду: лела Iамийна доцчу беро деш дерг ду я, хила тарло, цавашар гайтар ду. Хьовсур вай кхидIа. Пхи-ялх бутт баьллачул тIаьхьа, буьйсанна диъ сахьт долуш дас урс диттира шена мацах езаш хилла йолчу зудчунна а, берана а. КIантана 32 уьрсан чов хилира, ткъа зудчунна – 57. Ала мегар ду, цо царех кескаш йина. ХIинца ахьа, ирча хьал а, Iадор а лайна хир ду я ойла йина хила тарло: сонтаниг... Хьовсур вай кхидIа. Iуьйранна и дешна а, интеллигентни а стаг, ша диначух а кхетта (тидам белаш: Iуьйранна бен ца кхетта: тIаккха, уьш бойучу хенахь, иза цхьаьннан Iаткъам кIел хилла-кх), ваха а вахана, полицига ша дIавелла. Дов хоттучу хенахь цо чIагIдора, ша кхоччуш кхеташ вацара хуьлуш долчух, бохуш. Гуш дара цу кхеторо тешош цахилар а, иза цхьанна а хаза цахетар а, хIунда аьлча хIаваэхь олалла деш волчу элан олаллехь хиларан маьIнах цхьа а ца кхетара.

И истори ма-дарра долчу дахарера схьаэцна ю. Иза голливудерачу ирча хIуманаш гойтучу фильман сценари яц.

Йийцаре юьллур вай хьоьца цхьаьна и истори. Ас жамІ дийр ду, ткъа ахьа ойла е. Хьовсур вай, иза дерриг а ма-дарра муха хилла.

Дехаш дара ши къона адам. Цаьршинна вовшийн дезаделира. Церан безам оццул чІогІа хиларна, и шиъ вовшийн доцуш дахалург цахилар гуш дара. ТІаккха цушиммо доьзал кхоьллира. И шиъ дешна а дара, хаза а дара, безамах дуьзна а дара, ирсе а дара. Делан Дашо боху: «Нагахь цІа Везачу Эло Ша дойтуш дацахь, иза дечара эрна къахьоьгу, нагахь Везачу Эло гІала ларъеш яцахь, гІаролан сема хилар эрна ду» (Забур 126:1).

Церан уггар а доккха гІалат дара, цара шайн дахар а, шайн зуда-майралла а Делан кара ца диллар а, уьш Делан агІонашцца а, Цо шайна кечдиначу декъалаллашца а дехаш ца хилар дара. (Со, Делан вайна хІоранна а лерина, шена юкъа даккхийдер а, ирс а догІу, хІаваэхь олалла дечу элан сценари юкъа ца йогІу инзаре план хиларх теша). Хьовсур вай кхидІа. Ловзар чекхдаьллачул тІаьхьа масех бутт баьлча, зуда берах хилира. Зуда а, майра а барам боцуш ирсе

дара. Бер дуьнен чу делира. Ирс а, безам а кхидIа а дара. Уьш дахарх марзо оьцуш бара. Иштта хир ду моьттура гуттара а, и ирс абаденна ду, амма хала хетахь а, цара шайн синан неI иблисана дIайиллина йитинера. Хаьий хьуна, иза гуттара а иштта ду. Нагахь неI Делана а, Цуьнан Дашна а дIакъевлина елахь, хаалахь, иза ша-шаха иблисана дIайиллина ю. ТIаккха цхьана дийнахь, хIаваэхь олалла деш волу эла, адамех тайнигаш еш волу харцонийн сценарийн автор, кхеран доьзале веара. Ирсечу доьзале а хьоьжуш, цо сацам бира, цу зезагийн бешах яьсса аре ян. (Делан Дашо боху, яьссачу аренах зезагийн беш хир ю, амма иблисан дерриг а кхоччуш юханехьа ду: зезагийн бешах яьсса аре хуьлу). Иза цу доьзална шен сценарий язъян доладелира. Безаме долу зуда а, майра а иблисан карахь тайнигаш хилира. Иблисо шен олалла чIагIдира цу доьзална тIехь. Шена луъучу хенахь цо царна юкъахь къийсамаш а, девнаш а дохура. Цул тIаьхьа цо цу доьзална керла сценарий язйира, тIаккха церан вовшашка цабезам кхоллабелира. Цу цабезамах дуьзна долчу хьолехь

хьалакхуьуш дара бер, тӀаккха, догӀуш махиллара, иза да ца веза доладелира. Эххар а, иблис шен Ӏалашоне кхечира: цо доьзал бохийра. Цабезам а, дӀатеттар а, оьгӀазло а, геч ца дар а гуттара а санна долу хӀума хилла дӀахӀоьттира, ткъа де дийне мел долу хьалакхуьуш долчу мостагӀалло керла неӀ дӀайиллира иблисана. Жинийн ницкъаша майрачун дерриг а собар кхачийнера. ДӀайиллина йолчу неӀарехула хӀинца иза адамаш дайарна иракарахӀиттош долу жинаш чоьхьадевллера. Цу буьйсанна цара цу стеган са дӀалаьцнера, шайн олалла а хӀоттош. ТӀаккха стага иблисан лаам кхочушбира, Делан вастехь кхоьллина долу адамаш а дайина – зуда а, кӀант а. Шайн Ӏалашоне тӀекхиъначул тӀаьхьа, жинаша дӀатесира и стаг. Уьш хӀинца кхечеран дахарехь шайн планаш кхочушъян дӀадахара. Адамаш дайинарг ша висира шина дакъанца, тӀаккха бен ца кхийтира иза, ша хӀун зулам дина. Цунна чӀогӀа лаьара иза ирча бӀалгӀа я Ӏаламате гӀан хила, амма, хала хетахь а, иза ма-дарра дерг дара. Ӏуьйранна, лулахой самабевлча, царна, иблисо цхьана буьйсанна чекхъяьккхина йолу ирча

хIуманийн фильм гира. Ирча хIума ду иза, амма долуш дерг ду. Адамашна ца хаьа, хIун ду синойн дуьненахь хуьлуш дерг. Уьш парггIат шайна дехаш ду, ткъа синойн дуьненахь царна цхьа хIума кечдеш ду.

Хила тарло, хьан хаттарш кхолладелла: «Ткъа мича хьоьжуш ву Дела? ХIунда ца до Іийсас адамашна гIо, уьш иблисан карара схьа а дохуш?» Цу хаттаршна жоьпаш Делан Йозанашкахь делла ду: адамо ша хоржу, мила ваийта шен цIа чу: Дела я иблис. Нагахь стага, шен дог а чIагIдина, Дела дIатеттича, цунах ша-шаха кху дуьненан хIаваэхь олалла деш волчу элан лай хуьлу. Хила тарло, ахь хьайн даг чохь эр ду: «Хьан тоьтту те Дела дIа? Массо а адамаш кхера а кхоьру Делах, веза а веза Иза, цара боху: сайн дахар дIалур ду ас Делан дуьхьа, хуьлийла Делан куьг даим а вайна тIехула». Амма ас эр ду хьоьга: нагахь стага Делан Дош а ца ларахь, Делан Йозанашкахь яздина дерг кхочушдеш а дацахь, – дерриг а эрна ду. Дош лоруш цахилар – Дела ца ларар ду, ткъа Дела ца ларар – иза иблисана неI дIаеллар ду.

Ас Делан Йозанашкара масал далор ду дерриг а къаьсташ хилийта. «Цхьа хан яьлча, Кхаима шена лаьтто деллачу ялтанах дакъа Везачу Элана хьалха деара. Ткъа Хьайбула шен жена юкъара уггар тоьлла долу дуьххьарлера Iахарий деара. Веза Эла реза хиларца хьаьжира Хьайбуле а, цо деанчуьнга а. Ткъа Кхаиме а, цо деанчуьнга а реза воцуш хьаьжира Веза Эла. ЧIогIа оьгIаз а вахана, хьаьжа юккъе шад хIоттийра Кхаима. ТIаккха Везачу Эло элира Кхаиме: «Хьо ма оллавелла ву? Хьо ма оьгIазе ву! Ахь диканиг деш хилча, ларамца тIеоьцу хьо. Ахь диканиг деш ца хилча, хьан неIарехь къа лаьтта. И хьо Iехо гIерташ ду, хьо цул тола веза». ТIаккха, цхьана дийнахь, Кхаима Хьайбуле элира: «Аренга гIой вайшиъ?» Уьш аренга баьхкича, Кхаима, шен вешина Хьайбулина чу а гIоьртина, иза вийра. ТIаккха Везачу Эло Кхаиме хаьттира: «Мичахь ву хьан ваша Хьайбул?» Кхаима элира: «Суна хIун хаьа? Со гIарол-м вац сайн вешина?!» ТIаккха Везачу Эло элира: «Ахь хIун дина? Хьан вешин цIийн аз кхойкхуш хеза Суна лаьттара» (Доладалар 4:3-10).

Кху аято тIечIагIдо ас аьлларг. Хьажахьа, 7-чу аятехь Дала Кхаиме аьлла: «Ахь диканиг деш ца хилча, хьан неIарехь къа лаьтта. И хьо Iехо гIерташ ду, хьо цул тола веза». Гой хьуна? Дала адамана шен лаам белла. Дала дIахьедо къа хьан неIаре деана хилар. Хьуна хаьа, къа гуш а, хаалуш а доцуш, синан кхетам буйла. Дала боху хьоьга, иза чу ма дита, хьо волчу ма даийта. (Адам Делан васт долуш кхоьллина ду (Доладалар 1:26), тIаккха цуьнан иблисана шен дахаре дан ца магийта олалла а ду).

Хаттар кхоллало: ткъа Кхаимна веза а ца везара я цо лара а ца лорура Дела?

Данне а дац иштта, «Доладалар» цIе йолчу тептар тIехь 4:3 аятехь яздина ду, Кхаима Далла сагIа деанера аьлла.

Цуьнан маьIна, иза Делаца дика юкъаметтигаш йолуш хилар ду. Амма тидам белаш, цо ла ца дуьйгIира Делан дешнашка, и дарца, шен дас Адама латийна долу, уггар доккха къа а латош, и къа – Делан дашна муьтIахь ца хилар ду. МуьтIахь ца хиларо неI дIа а йиллира, тIаккха иблис чоьхьаделира. Цу муьрера дуьйна, Кхаим жино дIалаьцнера, (цунах иблисан карахь

йолу тайниг, ловзо хIума хилира, театрехь адамийн самукъадаккхарна пайдаоьцуш йолу хIума хилира). ТIаккха иблисо Кхаиме Хьайбул вейтира. Кхаимах адамаш дойучийн векал хилира. Иза цу хенахь адамашна гина йолу дуьххьарлера ирча хIуманаш гайтаран фильм яра. Ткъа цу дерригенал тIаьхьа сценарин автор, иблис, дIаделира иза волчуьра. ТIаккха иза ша цхьаъ висира шен вешин докъаца цхьаьна. Хила тарло, Кхаим а вара иштта иза гIан хила лууш, амма, халахеташ делахь а, иза ма-дарра долуш дерг дара. Кхаим меттавеача, цо кIорггера дохковалар лайра (Доладалар 4:13), амма хIинца тIаьхьа дара. Дера, и дерриг а хилла хир дацара, иза Делан дашна муьтIахь хиллехьара. Изза хиллера Адамна а, Хьавана а, цара, Делан Дашна муьтIахь а ца хилла, иблисана неI дIайиллича. ТIаккха вай жамIе догIу, Далла муьтIахь ца хиларо иблисана хьалха неI дIайоьллу, и дарца иза чоьхьа а далийтина, цуьнга шен ирча хIуманийн фильм яккхар а могуьйтуш. Эпасхошка дахьийтинчу кехата тIехь векало ПахIала яздо: «Ткъа тIаьххьара а бохург хIара ду: чIагIло Везачу Элаца а,

Цуьнан боккхачу ницкъаца а. Иблисо деш долчу вонашна дуьхьалхIитта шайн ницкъ хилийтархьама, Делан дерриге а герзаца кечлой хила. ХIунда аьлча вай адаман дилхана а, цIийна а дуьхьал беш бац тIом, амма стигалшкахь болчу хьаькамашна а, олалла дечарна а, кху боданечу дуьненан куьйгалхошна а, харцжинашна а дуьхьал беш бу. Цундела Делан дерриге а герз схьаэца, вон тIедеанчу дийнахь дуьхьало ян шайн таро хилийтархьама а, массо а хIума кхочушдича, кхидIа а латтархьама а. Цундела иштта дIахIитталаш: шайн гIодаюкъ билггал бакъдолчуьнца дIа а ехкий, нийсонан гIагI шайна тIе а духий, машарах лаьцна болу хаза кхаъ кхайкхо кийча хиларан мачаш шайн кога а юхий. Цу массо а хIуманна тIе тешаран турс схьаэца – цIе яьлла догуш долу иблисан пхерчий дIадайа таро хир ю шун. КIелхьардовларан гIем а схьаэца. Делан Синан тур а схьаэца – иза Делан дош ду. Муьлххачу а хенахь Делан Синан гIоьнца доIанаш делаш, массо а тайпана доIа а, дехар а деш. Иза иштта дархьама, сема а хилалаш, цхьана а тайпана юха ца довлуш, Делан долахь болчарна

массарна а тIера кхидIа доIанаш а делаш» (Эпасхошка 6:10-18).

Вай еш йолу дуьхьало цIийнна а, дилханна а дуьхьал яц, аьлча а, адамашна дуьхьал яц, ткъа стигала кIелахь, аьлча а, хIаваэхь Iаш долчу зуламечу синошна дуьхьал ю. Кху кехата тIехь ПахIала хьоьху, муха къийсам латто беза иблисан карахь тайниг ца хилархьама. Изза бохура Iийсас а Кипе: «Аса боху хьоьга: хьо, тIулг санна волу, Кипа ву. Цу тIулга тIехь Аса Сайх тешначийн тоба кхуллур ю. Жоьжахатин цIеран а иза йохо ницкъ хир бац. Аса стигалийн Олаллера догIанаш лур ду хьоьга. Ахьа кху дуьнен чохь дихкинарг Дала дихкина хир ду. Ахьа дуьнен чохь магийтинарг Дала магийтина хир ду» (Маттай 16:18, 19).

Олалла делла ду хьуна, тIаккха хьуна луъург хир ду. Тешахьа, адамна олалла делла ду, тIаккха цуьнан харжам бойла ду: Делаца я иблисаца вахар. ТIаккха Iийса адамийн дегнийн неIарш етташ ву.

«Хьовсал! Со, неIарах пIелг а бетташ, лаьтташ ву. Сан аз а хезна, неI дIайиллинчун цIа чу вер ву Со. Цуьнца цхьаьна хIума юур

ю Ас, ткъа иза Соьца шуьне хуур ву» (Довзийтинарг 3:20).

Іийсана, чоьхьа а ваьлла, самукъадаккха лаьа, амма, хала хетахь а, адамаша хІаваан олахочунна неІ дІайоьллу, тІаккха, самукъадаларан меттана, бала хьегарехь хуьлу.

Жинаш – иза ма-дарра долуш дерг ду. Дела тІе ца эцарца, адамех билггал актёраш хуьлу. Іехорца я шалхонца шайн гІуллакхаш чекхдаха гІерта уьш. Масаллина схьаоьцур вай итт «актёр» – цхьана организацин, шайн куьйгалхочунна хьесталуш, го бина болу белхахой: «Хьо чІогІа дика ву, хьо санна верг кхин ван а вац» (Массара а цхьана эшаран дешнаш дагахь Іамийча санна: «хьо санна цхьа а вац, хьо тІехдика ву»). Амма шайн даг чохь и стаг бІаьрга ван а ца веза царна, цуьнан меттиг схьалаца ойла а еш. ХІетте а, иза волчохь царех актёраш хуьлу. Беламе ду-кх, бакъ дац иза? Цхьаболчу куьйгалхошна шайна уллохь, шайга дерриг а бакъдерг дуьйцун дерш хила ца лаьа, хІунда аьлча бакъдолчунна бІаьрхьежар иза малхе хьежар санна хІума ду. Дуккха а болчарна иза чІогІа хала ду. Ур-атталла церан зударий

а, гергарнаш а бакъдерг ала гIиртича а, цара сихха церан батош дIа а юкъий, юха-юха а иштта олуш болу актёраш кхойкху: «хьо санна цхьа а вац, хьо тIехдика ву».

Цкъа суна чIогIа тамашийна спектакль гира (нагахь цунах иза ала мегар делахь). Россира Эрмалойн махка юхавогIуш, цIаьххьана, сирбелла корта а болуш, 45-50 шо хир долу, дика тIеюьйхина хIума а йолуш, костюм юьйхина а, галстук йихкина а волу товш стаг чоьхьаваьллачу хенахь, со багажан таможенни хьажарх чекхволуш вара. Юьхьенца суна иза мила ву ца хаьара, тIаьхьа таможенникаша кхетийра, иза шайн администрацин белхахойх цхьа ву аьлла. Шайн куйгалхо ма-гинна, таможнин белхахоша цу сохьта шайн ролеш дIалецира, бела а къежаш, безаме къамелаш дан буьйлабелира. ТIаккха цо цхьа анекдот дийцира, беламе данне а доцу, делахь а берриш бийлабелира. И стаг дIавахча, белхалой сихха ладаме а хилла, хьаьжа юккъе шад а хIоттийна, эладиташ а дуьйцуш, иза емалван буьйлабелира. Ма артисташ бу! Беламе ду, амма иза долуш дерг ду. Амма стаг Далла тIе веача, иза

цунах паргІат хуьлу. Дала иза ма-дарра долчу дахаре валаво, тІаккха адамашна цуьнан билггал бакъ йолу юьхь го. Іийсас бохура, цхьаболчарна Ша ца веза, хІунда аьлча Ша царна вела а ца къежаш, юьхь-дуьххьал дІаолура, церан гІуллакхаш зуламе ду, олий. Цундела тІе ца оьцу Иза дуьнено. «Кху дуьненна шу ца деза бахьана дац. Ткъа Со ца веза адамашна, Ас церан гІуллакхаш зуламе ду аьлла, тоьшалла до дела» (Яхьъя 7:7).

Тахана дуккха а болчарна ца беза билггал бакъ болу Іийсах тешаш берш, хІунда аьлча цара шалхо ца лелайо. Стагах лаьцна вон ойла а йолуш, амма цунна юьхь-дуьхьал иза уггар дика ву бахар, иза харцо ю, ткъа харцонан да – иблис ду. Ахь эр ду, хьоьга стеган гІалаташ ца гайтало, цо хьайга иза дойтур доцу дела. ХІун дийр ду тІаккха, нагахь иза ца далахь, вист а ца хуьлуш, Іад мукъа а Іехьа, амма харц ма лехьа. Хаьий хьуна, таханлерачу «дипломаташка» хьоьжуш, ас ойла йо, Голливудан, хила тарло, уьш санна, актёраш ца хила мега.

Кхин а цхьа роль кхочушъяр гойту ас хьуна. Зуда ялийна волу стаг, цІера ара а

ваьлла, балха воьду. Балхахь телхина лела зуда а нисъелла, иза циггахь роле воьду, цуьнга, ша юьстах а ваьлла, ша лелош долчуьнга хьожийла хилча, инфаркт хир яра. Иблис цунах шен телхина лелачу сценарехь пайда эца долало. Бахьана хIун ду аьлча, иза муьтIахь вацара Делан Дашана: «нахаца ма лела». Иблисана неI дIа а йиллина, цуьнга шен телхиначу сценарехь шех пайда эцийтина цо. Тахана адамаша, телхиначу фильмашка а хьоьжуш, цецдийларца ойла йо: «Ма эхь дац цу артистийн, муха дохуьйту цара шайн суьрташ ишттачу фильмашкахь?» Кхечара олу: «Мел дукха ахча даларх ас иза дийр дац». Амма стаг телхина лелаш велахь, иза цунах мах ца луш, ловзош ву и роль иблисо яькхинчу фильмехь, абаденгахь гойтун йолчу. Стагана и фильм гур ю, ша шен дегI дIатесначул тIаьхьа. Цо, Делан кхелана хьалха а хIоьттина, мохь хьоькхур бу: «Суна ца лаьа жоьжахати ваха!». ТIаккха иблисо цо коьрта роль ловзош йолу фильм гойтур ю. Цу видеозаписо адам жоьжахати дахийтарна кхел ян бакъо лур ю.

Шен цIера, доьзалера ара а ваьлла, нахаца лелачу зудчух а кхетта, роле ваханчу, аьлча а, иблисан Iаткъам кIел ваханчу стагах лаьцна йолчу историга кхидIа хьовсур вай. Иштта зуда а доьзал бохочун а, нахаца лелачун а роле яхара. Хила тарло, и зуда иблисо дуккха а хьалха дуьйна пайда оьцуш лелош ю шен маьттазчу сценарешкахь. И шиъ, вовшах а кхетий, иблисо ша язйина йолчу сценарин ролеш кхочушъян долало. Стага, зуда хьеста а хьоьстуш, цунна зезагаш а оьцуш, цуьнга кхочуш цхьа а яц олу (юха а изза эшар ю: «хьо санна цхьа а яц, хьо тIехдика ю»). Амма лаам цхьаъ бен бац: цкъа мукъа а иза дола яккхар. Ткъа зуда билггал оццунна кхайкхина ю. Хьалха я тIаьхьа стеган лаам кхочушхуьлу, тIаккха цунах ша-шаха иблисан роль кхочушйийриг хуьлу. Иза могуш а волуш, шен доьзална а, зудчунна а юххехь вара. Ма-варра волу майра а, да а вара, амма хIинца иза роль ловзош ву шен зудчунна а. Дагадоуьйтур вай, муха воьжнера Делан Йозанийн турпалхойх цхьаъ волу Шамшон. «Куйгалхой» цIе йолчу тептаран 13, 14, 15, 16-чу а кортошкахь дошийла ду хьан цу

сийлахьчу турпалхочун валарх лаьцна. Иза дӀуьтӀа а, толамбаккхархо а вара. Дала цунна ницкъ беллера, амма мостагӀчунна, гуттара а санна, Дала адамна делларг схьахила лаьара. Иштта цхьана телхинчу зудчо кхелъяран роль ловзийра Шамшонан дахарехь, иза, шена веза аьлла, теша а вина. ХӀара ца хилча, шен дахаран маьӀна дац бохура цу зудчо, ткъа, ма-дарра аьлча, цо ойла йора, цуьнан хьал схьадаккха, ша кхиаме роль ловзорна, шена совгӀат делча.

Шамшон гуро лецира – тӀаккха иза массо а хӀуманах велира: нехан ларамах а, ницкъах а. МостагӀаша, цуьнан бӀаьргаш а баьхна, цунах жухарг вира. Хала хетахь а, тахана дуккха а долчу адамийн синан хьал цунах тера ду. Цкъа суна вайн туьканех цхьанна чохь 25 шо герга долу къона зуда гира, иза оццул дастам тӀеюьйхина хӀума йолуш хиларна, хӀора тӀехволучунна къаьсташ дара, иза мила ю. Цул совнаха, ас эр ду, цу талхарх юьзна а, ша-шена езаш а йолчу къоначу зудчунна ша санна цхьа а яц моьттура. Амма иза Ӏехаялар дара, хӀунда аьлча иза тийшира цу эшаран дешнех «хьо санна цхьа а яц, хьо тӀехдика ю». Ларамаза

суна цуьнан шен доттагIчуьнца долу къамел хезира. Арара автомобилан сигнал хезча, цу къоначу зудчун доттагIчо хьаттира: «И буй хьан безам?» Цунна вукхо жоп делира: «И сонтаниггий? Иза мила вара сан безам хила?». ТIаккха и ший а елаелира. Оццу хенахь шовзткъа шо хила мегаш стаг чувеара. Юьстах а лаьтташ, цу сценига хьоьжуш Iара со. Стаг чоьхьаваьлча, (ган дезара и сурт, хIунда аьлча я «Арменфильман» а, я «Инди фильман а», я Голливудерачу студийн а бац цу тайпана актераш), и къона зуда, Джульеттина шен Ромео гича санна, хийцаелира. Хила мадоггIу, цу дийнахь и шиъ хIаваэхь олалла дечу элаца цхьаьна дастама фильм яккха дахара.

Синан актерех лаьцна бохуш, дагавоуьйтур вай «гIараваьлла» волу ЯхIуд цIе йолу, Iийсана ямарт хилла волу стаг. ЯхIудна вевзара Iийса, иза Цуьнан сийлахь тамашийна хIуманаш гина вара, хIетте а, цо и дерриг а ткъе итт дато ахчанах хийцира. Iийсана ямартло ян дагалацарца, цо неI дIайиллира иблисана, тIаккха вукхо иза шен кара верзийра. Иза а иштта иблисо шена

елла роль ловзош верг хилира. Цунах лаьцна хьан дешийла ду Инжилаш тIехь. Сурт хIоттадой ахьа, муха актёр хилла хир ву иза? Цо хьалххе дIахьедира мостагIашка: «Ас барт баьккхинарг Iийса ву, Иза схьалаца». Кхузахь дIайолало ямартлонах лаьцна йолу фильм. ЯхIуд Iийсана тIевогIу, цунна тIаьхьабогIу Iийсана дуьхьал берш. Юххе варца, цо Iийсана барт боккху, шен Цуьнга болу шалхаллин безам а гойтуш. Амма хьалхе дуьйна цунах лаьцна хууш волчу Iийсас цуьнга элира: «ЯхIуд, барт баккхарца ямартло еш ву хьо Суна?» ТIаккха Iийса схьалецира. ЯхIуд кхидIа а лелаш ву сценарица. Иза хIинца иблисан карахь ву. Иблисо цуьнга омра до: «ваха а гIой, ирхъоллало», тIаккха иза а кхочушдо ЯхIуда. Ша-шен вийнарг а хуьлий, иза жоьжахатехь нисло. ХIара ду иблисо бохам баран кхин а цхьа масала. Юха а ирча хIуманийн фильм ю, гуттара а санна, коьрта турпалхо беламе а веш, ма-дарра йолчу Iожаллица леш а воцуш.

Юха а роль, юха а цхьаъ ловзор, юха а театр, тIаккха, халахетахь а, – бохаме

чаккхе. Суна хетарехь, хьуна хIинца дIаделлалуш ду ма-дарра дерг.

Цкъа телевизор чохь, кхерамечу хIуманна бехке веш, схьалаьцна волчу стагах лаьцна къамел деш передача яра. Иза адамаш дойуш лелаш волу маньяк вара. Цо бераш, хьийза а дой, дойура. Цу стаге а хьоьжуш, наха цуьнан амалх лаьцна дуьйцучуьнга ладоьгIча, со дуьххьалдIа ца тешара, цо и санна дерг дийр ду аьлча. Иза лоьран корматалла йолуш вара, адамаш тодеш, хила тарло, уьш лечуьра а дохуш. Иза зуда ялийна а вара, цуьнан бераш а дара. Хазачу доьзалан да а, дика майра а вара. Лулахоша бохура, и санна дика стаг кху гIишлонна чохь а вац. Цаьрга сурт а ца хIотталора цу стага и санна долу зулам дийриг хиларан. Кхел ечу хенахь, шега, адвокат лацар дIа стенна тотту аьлла, хаьттича, цо жоп делира: «Суна ца оьшу адвокат, хIунда аьлча со таIзарх кIелхьарваккха хьажар иза кхин а доккха зулам ду. Со тоьпаш тоха езаш волу стаг ву, хIунда аьлча соьга сайна тIехь урхалла ца дало. Дерриг а ас динарг ирча хIума ду. Со дагалецамаша хьийзаво: бохам хилларш сан берийн хенара ма бара. Суна ца

лаьара иза дан, амма сан цкъаццIа сайна тIехь тергам бар дIадолура. Цхьана ницкъо дола воккхура со, тIаккха соьга сайна тIехь урхалла ца далора. Суна ца хаьа сайца хIун хуьлу. Вер хиллачул тIаьхьа, цу ницкъо вуьтура со, тIаккха со суо вуьсура бохам хиллачуьнца. Тоьпаш тохийша суна, паргIатдаккхийша сох дуьне. Суна ца хаьа, сайца хIун хуьлу».

ХIорш дара цуьнан тIаьххьара долу дешнаш: «Суна ца хаьа, сайца хIун хуьлу». Амма вайна хаьа, хIун дара цуьнца хуьлуш дерг. Вайна хIинца вевзина хIаваэхь олалла деш волу эла а, цуьнан гIуллакхаш а. ДуьххьалдIа иза шен рогIера ирча хIуманийн фильм йоккхуш ву, тIаккха Делан вастехь кхоьллина долу адам хIаллак а деш.

Сурт къаьсташ ду. ЖамI дер вай цу историн. ЛартIахь стаг вара. Медицински институт а яьккхина, адамаш бала хьегарх тодархьама, болх бан волавеллера иза. Зуда а ялийна, бераш а долуш, ирсе вара иза. Суна хаьа (иза гойту цуьнан чаккхено а), цунна ца лиъра шен дахаре Дела вита, Цуьнан дош, тIаккха и дарца цо ша-шаха неI дIайиллина иблисана. Цо ца хаьржина Ден

цIа а, Делан лаам а, дика сценари а. Цо ша хаьржина иблис, тIаккха цуьнан карахь йолу ловзо хIума а хуьлуш, аьлча а, цуьнан тайниг. Иблис цунах пайда эца доладелира, цунна лерина сценари а язъеш. Ала мегар ду, цо шен лаамца ловзийна шена езаш йоцу роль (хаьий хьуна, иза массо а санна йолчу театрах а, кинох а тера ду: иза шен духехь вон стаг вац, амма цунна гуттара а вочу адамийн ролаш ловзор ло, тIаккха цо уьш шен лаамца кхочушйо). ТIаккха дика лор зуламхочун роль ловзо хIоьттира. Иштта яра историн чаккхе: тоьпаш тохар а, Iожалла а. Иштта ю ирчачу хIуманийн кхин а цхьа фильм, шен коьрта турпалхо кхел а йина, жоьжахати кхаьчна волу. Ахь хIинца ойла йо хир ю: «ткъа муха ваха веза, иблисан сценарехь ца нисвалархьама?» Жимма сатоха, тIаккха вай юхадоьрзур ду цу хаттарна тIе. Суна дуьххьалдIа хьуна вай стенга доьлхуш ду дика хаийта лаьа.

Ролех лаьцна къамел деш, ас эр ду, коьрта ролеш а хуьлу, тобанан ролеш а хуьлу. Тобанийн ролеш билггал хуьлу, хьан гIалара 80% халкъ актераш хилла дIахIиттича. Схьаоьцур вай, масална 8-гIа

Март санна долу деза де. ТIеэцна махиллара, цу дийнахь божарша зударшна комплементаш а йо, совгIаташ а до. Амма царех дукхахболчара иза даггара ца до, ткъа ца бевлча денна до, хIунда аьлча цу дийно царна и роль ловзор тIедуьллу. ТIаккха цу дийнахь дуккха а берш, актёраш хуьлий, дIахIуьтту. Ткъа божаршкара тергам баре дехха сатийсар долу зударий баккхийберца цаьргара и моттаргIа тIеэца кийча бу. «МоттаргIане делахь а, амма тергам бар дукх иза», – ойла йо цара.

Ма-дарра долчу дахарехь майрачо зуда 8-чу Мартехь тергал йина а ца Iаш, ткъа шен дахаран хIора дийнахь дан деза иза. 8-чу Мартан спектаклан актёр хилий, дIа ма хIотта. Даггара а, ондда а доьзалан да хуьлда хьо.

Тобано роль ловзоран кхин а цхьа масала: Керла шо. Сан цхьа а хIума дац Керлачу шеран дезде даздарна дуьхьал. Со воккхавоь шо шаро хуьйцучу хенахь. Вай иза даздо. Амма со моттаргIашна а, ловзаршна а дуьхьал ву. Дуьхьал ву адамаш, иштта кхерам бахьана долуш: «хIун моьттур ду сох лаьцна адамашна?», декхарийла дахарна.

Лаьий хьуна ас иза ала? Хьан аьтто бац аьлла хетар ду-кх. Ма-варра волу стаг хилахь. Ма хила Керлачу шеран актёр, ма бига хьайн доьзал декхаршна кIел. Аса адамаша шаьш ца кхетарца даздечу дезачу денойх лаьцна ца боху. Иштта билгалдохура «везачу Валентинан де», иза хIун деза де ду а ца кхеташ. Шайна тIедогIучу дезачу дийнах лаьцна ма-хеззи, адамаш, иблисо кхайкхийначу роле а бевлла, вовшийн декъалдан хIуьтту. Амма дукха нахана ца хаьа, иза хIун де ду. Ас хаьттира и де ладаме даздеш болчарех цхьаболчаьрга, хаьий те царна иза хIун де ду аьлла. Царна суна жоп дала ца хиира. Ас шайга: «шайна иза “хIун ду?” хууш ца хилча, стенна даздо иза?», аьлча, соьга жоп делира: «массара а даздеш ду, тIаккха оха а даздо». Цаьрга ладоьгIча, со кхийтира, сан халкъ «тоба» бохучун Iаткъамехь хиларх: «берриш а боьлхучу со а воьду». Амма Далла, стаг тобанах дIа а къаьстина, ша вверг хила лаьа, хIунда аьлча тоба котамех тера ю, ткъа ша верг – аьрзунах тера ву. Ур-атталла шайна везачу Валентинах лаьцна дуьххьара хезна доллушехь, дукхахболчара, муьтIахь а

хуьлий, иза безаман де ду олий, кхетадо. Делахь а, шаьш безаман де даздахь а, уьш ца кхета шаьш безаман хьоста доцуш, аьлча а, Іийса воцуш иза деш хиларх, тІаккха жинийн харц безаме а доьлхуш.

Ма-варра хила. Далла хьалха ма-ярра йолчу юьхьаца дІахІотта, туьтмІаьжиг тІехь а йоцуш. Хьайна Дала елла йолчу юьхьаца, ткъа дуьнено дІахьееш йолчуьнца а доцуш.

Дуьне адамна тІе керла туьтмІаьжиг йолла гІерта, ткъа тІехула – кхин а цхьаъ. Цу туьтмІаьжигаша адам Делах дІакъастадо. ТуьтмІаьжигех аьлча, дагадоуьйтур вай, Делан аз а хезна, дІалечкъина долу Адам а, Хьава а. Дала стаге Шен дуьххьарлера хаттар дира: «Адам, хьо мичахь ву?» Адам ца гуш вара ткъа Дела? Баккъалла а ца хаьара те Далла мичхьа дІалечкъина Адам а, Хьава а? Далла массо а хІума гуш дара. Хила тарло, ахь хоттур ду: «ТІаккха стенна хоьттура Дала: “хьо мичахь ву?”». Суна схьахетарехь, Далла билггал ца гора. Лоьхура, ткъа къаьсташ йолу а, даггара а, бакъахьара а, туьтмІаьжгаш йоцу а Адаман а, Хьаван а яххьаш ца карайора. ХІун ду царах хилларг? ДуьххьалдІа цара шайн

билггал бакъ йолу яххьаш яйинера, тIаккха царна дохкобовла ца лиира. Цул совнаха, уьш шайн дегнаш а чIагIдина, дерриге а хиллачу хIуманна Дела бехке ван хIиттира. Адама элира: «Со бехке вац, Ахь суна еллачу зудчо Iехийра со». Сан олийла ду, иза адаман дуьххьарлера роль яра: иза харцонца бакъхила гIерташ вара. Амма, нагахь Адаман лаам ца хиллехьара, Дала кхуллур яцара Хьава. Ткъа Хьавас элира, ша бехке яц, ша бакъахьара ю, бехкениг лаьхьа бу. Цу бахьанина и шиъ ялсаманера дIаэккхийнера. Долуш долчу дахарера «неIалт хиллачу театре» кхечира, ала мегар ду. Ткъа адамаш церан бехкана неIалтана кIел дахана. Цу неIалт хиллачу театрера ара а девлла, юха а адаман дуьхьа кхоьллина йолчу ялсаманехь даха охьаховшар Iийсагахула бен хуьлийла дац.

Хаьий хьуна, таханлера де тIекхаччалц ду хезаш Делан адаме долу и хаттар: «Адам, хьо мичахь ву?». Цуьнан маьIна ду: «Стаг, мичахь ву хьо? Мичахь къайладаьккхина ахь хьайн дог, хьайн юьхь? Муьлхачу туьтмIаьжгана бухахь?» Дела таханлера де тIекхаччалц сатуьйсуш ву хьоьга. Цо стаг

цуьнан дуьхьа кечдинчу, цуьнан цIа варе тIекхойкху. Ткъа адам гуттара а Делах къайладуьйлуш ду шен туьтмIаьжгана тIехьа. Суна схьахетарехь, и дерриг а, берриш а туьтмIаьжгаш юьйхина болчу маскарадах тера ду. Цхьаъ ву туьтмIаьжиг тIехь а йоцуш, Шен дезаш долу а, Ша кхоьллина долу а бер лоьхуш, иза – хьо ву. ХIаъ, шен чаккхе чIогIа ирча хир йолу, йоккха маскарад ю.

Кху дахаран актёрех лаьцна къамел деш, шаьш божарий боллушехь, боккха там хиларца зударийн роль ловзош болчу гомосексуалистех лаьцна билгал ца даьккхича ца волу со. Уьш иблис – хIаваэхь олалла деш волу эла – шайх воьлуш хиларх, царах лаьцна сценарий а язъеш, уьш хIаллакбаре буьгуш хиларх ца кхета. Театр кхуллуш долчу иблисо божарех зударий бо, ткъа зударех божарий бо. Цу нахана даггара Дела вовза ца лаьа, тIаккха иблисана неI дIа а йоьллий, царех порнографин фильмийн коьрта турпалхой хуьлу.

«Делах лаьцна долу бакъдерг харцдолчух а хийцина, Дала кхоьллинчу хIуманашна Iибадат дора цара, шаьш Кхоьллинчунна

Iибадат даран метта. Ткъа Цунна даим бу хастам, амин! Цундела Дала эхье болчу, боьхачу лаамийн карахь битина уьш. Зударша шайн хила еза юкъаметтиг, вовшашца сийсаза а лелаш, хила ца еззачу тайпана йинера. Божарий а, зударшца хила езачу юкъаметтиган метта, вовшашка эхье болчу лаамех буьзнера. Эхь-бехк а дайна, уьш вовшашца лелара. Иштта леларца шайн догIмаш къинойх дузура цара. Шайн тилабаларца хьакъ доллу Делан оьгIазло шайн коьрта тIе йоуьйтура цара» (Римахошка 1:25-27).

Цу тайпанчу тамашийначу сексуальни актёрех лаьцна къамел дечу хенахь, дагахь латтор вай Седам а, Iамор а цIе йолу яккхий гIаланаш Дала уьш бахьана долуш хIаллакйина хилар. Кхин а эр ду ас, цул совнаха, гомосексуалисташ жинаша хьийзош а, церан Iаткъамехь а хилар.

Иблисан йийсарехь болчу вахо маларш муьйлучу нахах а, наркоманех а лаьцна билгал ца доккхуш Iайла дац. Цу тайпанчу наха дуьненахь жухаргийн роль ловзайо. Нехан белам а хуьлий, зуламаш а до, шайн доьзалш хIаллак а бо цара.

Актёрех лаьцна къамел деш, со ишттачу, дерриг а дахарехь арахь шайн цIийна уллохь а лаьтташ, къена зударий санна, эладиташ дуьйцуш болчу къоначу нахах ца аьлча ца волу. Даьсса дIакхоьхьу цара шайн дахар а, хан а. Есалла а, эрна дIасахьийзар а ду цаьрца. Цкъа маццахь а и дерриг а дитина, дIагIур ду вай. Хаьий те хьуна, хьо мича гIур ву? Iожалла адамна хьалха я тIаьхьа тIейогIу. ДIадоккхур вай эрна дIасахьийзаран дахар а, иштта, туьтмIаьжгаш а дIайохур вай. Хила тарло ахь дуьхьало йийр ю: «Сан дахар, хьуна эрна дIасахьийзар санна хетахь а, суна хаза хета. Суна ма-дарра долчуьра аравала ца лаьа я: со цкъа кийча вац». Кийча вац? Амма, хила тарло, хьуна ваха кIезиг зама йисна, я, хила тарло, дуккха а зама йисна. Дагахь латтаделахь, мел а денош диснехь а, хIетте а уьш чIогIа кIезиг ду, уьш сихха чекхдевр ду.

«Ма кIорга къайле ю! – олу устазо, – Ма кIорга къайле ю! Ма дукха хIума ду вайн кхетам тIе ца кхуьуш! Стигална кIел къахьоьгуш, ша мел динчу хIуманах буьсун болу хIун пайда оьцу адамо?» (Устаз 1:2, 3).

Дерриг а эрна дІасахьийзарца чекхдолу. ТІаккха тахана, адамийн къиношка а, дахаран ца кхетачу сценарига а хьоьжуш, со ца кхета, стенна тІекхиа гІерта адамаш. ХІара дахар ма доца а ду, ма чехка дІаиккхина а доьду. Стенна ойла ца йо те адамаша шайн Кхоллархочух а, абаденна а, ирсе а долчу дахарх лаьцна? Ма-дарра аьлча, дан а ду вайн дахар сиха дІадоьдуш, ала мегар ду, денош совца а ца совцуш, тІемадевлла дІаоьхуш ду. Дахарх лаьцна ойла еш, тидам бер вай вешан шерийн. Хетало, суна дуккха а хІуманаш дайна, хІунда аьлча хІинца, ас хІара книга язъечу хенахь, сан 33 шо ду. Амма, ма-дарра аьлча, суна чІогІа кІезиг хІума гина. Дерриг а 33 Іа, 33-за со вина де даздина аса. 33-за аьхкенан йовхоно вохвина, 33-за бен зезагаш дІаделлалуш а, гІаш охьаэгаш а ца гина суна. Керла шо тІедогІуш а 33-за бен ца гина суна. ХІаъ, 33-за бен. Хила тарло, хьуна моьттур ду: «ХІумма а дац, дерриг а дахар хІинца а хьалха ду». Хаьий хьуна, нагахь со ур-атталла 100 шо кхаччалц вахахь а, аса кхин а 67-за даздийр ду сайн вина де а, Керла шо а. Мел маьІна доцуш хІума ду Іийсас Шех

тешарехула а, Цуьнан дош кхочушхиларехула а мах боцуш луш долу абаденна долу дахар, цу дисина долчу 67 шерах хийцар.

Ткъа кху дахарехь, хьо стенна а тIекхиа гIертахь а, хьо тIе а кхуьур ву, ахь иза дIакхоллур а ду, тIаккха чаккхенгахь, иза а «эрна дIасахьийзар а, синан сингаттам а» хиларх кхетар ву. Ишттa яздо, шен дахарехь массо а хIума зийна волчу, хьекъалечу паччахьо Сулимас. Цуьнан 1000 зуда а, хьал а, боккха бахам а хилла. Амма эххар а, иза Дела воцуш кху дуьненахь дерриг а эрна дIасахьийзар хиларх тешна хилла. Хаьий хьуна, ур-атталла Искандера Македонскис а весет дина ша дIасадахийтина а, нисдина а ши куьг долуш дIаволла аьлла, «массарна а аса кху дуьненара цхьа а хIума дIахьуш ца хилар гайтархьама». Билггал адаме кху дуьненара цхьа а хIума дIа ца дахьало. Делан Дашо боху, адам кху дуьнан чу дерзина деана ма-хиллара, ишттa дерзина дIа а гIур ду, цуьнан дилха лаьттах кхолладелла а ду, цигга юха дIадоьрзур а ду. Вай ваьщца кху эрна дIасахьийзаран а, доццачу а дахарехь кхочушдина гIуллакхаш

бен дIахьур дац. ТIаккха дагахь латтаделахь уггар а коьртаниг: хьан са дегIа чуьра ара а даьлла, туьтмIаьжиг а йоцуш, кхелана хьалха хIуттур ду. Цунна ша шен лаамца кино йоккхуш хилла долу дахар гур ду. Цундела ас хIинца боху, хьо милла велахь а, хIара дахар хьуна хан яйархьама делла дац, амма нийса некъ а, абаденна долу дахар а харжархьама делла ду. Кху дахарехь вайна Iалашо оьшу. Iалашоно абаде олуш долчу, кхидIа хиндолчу дахаре некъ кечбан беза. Хаьий хьуна, ас хьоьга билггал боху, адамана делларг 80-100 шо дахар ду, амма адам гуттаренна а даха тIекхайкхина ду. Дагахь латтаделахь, адам Делан вастехь кхоьллина ду, ткъа Дела 80 шарахь я 100 шарахь вехаш бен воцуш хуьлийла дац. ХIан-хIа, Иза, адам санна, абаденна ву. Стага ша сацам бан беза, мичахь яккха еза цо шен абаде, тIаккха хIинца цунна чIоггIа хаа деза, мича гIур ву иза веллачул тIаьхьа.

Инглс пачхьалкхан король Генрих VIII вала воьжна вара. Иза волчу цуьнан жухарг веара. Иза иштта цуьнан юххера доттагIа а вара. Дийнна деношкахь сонта хIуманаш леладора цо, паччахьан самукъадаккха

гІерташ. Жухарг юхxе веача, паччахьо шабар-шибар дира:

-Сан доттагІа, со дІаваха веза.

-Стенга? – жоп луш, хаьттира жухарго.

-Суна иза ца хаьа.

-Юха маца вогІу? – юха а хаьттира жухарго.

-Со кхин юха вогІур вац.

-Хьоьца мила гІур ву?

-Цхьа а, – жоп делира паччахьо.

-Хьоьгахь юха ван ахча дуй? – хаьттира жухарго.

-Дац.

-Мел хан яккха дагахь ву хьо цигахь?

-Абаденналц, – жоп делира паччахьо.

-Хьуна хьо водуш волчу меттиган цІе хаьий, я хІумма а ца хаьа? – хаьттира жухарго.

-Ца хаьа, – жоп делира паччахьо.

-Ва, паччахь, суна со сонта ву моьттура, амма хьо сол сонта ву,

хIунда аьлча хьо стенга воьду ца
хаьа хьуна.

Хаьий хьуна, тхуна, тешаш долчарна, хаьа, стенга доьлху.

«Iийсас элира цуьнга: ‘Со ву адамаш ден Дийриг а, адамашна дахар Лург а. Сох тешаш волчун, нагахь и велча а, цкъа а хедар доцу дахар хир ду. Муьлхха а, и хедар доцу дахар а долуш, Сох тешаш верг цкъа а лийр вац. Теший хьо оцунах?’» (Яхьъя 11:25, 26). Кхин а:

«Сан Ден цIахь дуккха ю чоьнаш. Со шуна меттиг кечъян воьду. Иза иштта дацахьара, Ас и эр дацара шуьга» (Яхьъя 14:2).

«Ткъа Аса царна Дела волчохь хедар доцу дахар ло, уьш цкъа а хIаллак а хир дац, цхьаммо а Сан карара уьш лачкъор а дац» (Яхьъя 10:28).

Далла бу хастам, тешаш болчеран Делехь царна и тIетовжийла йолуш.

1938 шарахь, Iазап хьоьгуш, леш вара Шаляпин. Цуьнан тIаьххьара а дешнаш дара: «Сан Дела, со хIунда? Со хIунда?» Хаьий хьуна, ас эр ду, Iожалла – иза ехха рагI ю, тIаккха адамна иза шена тIекхача ца лаьа.

Адам дуьнен чу даьлчхьана дуьйна лаахь а, ца лаахь а цу рогIе хIутту, тIаккха, хьалха я тIаьхьа, цуьнан рагI тIекхочу. Хила тарло, ахьа ойла йийр ю, стенна яздо оццул Iожаллах лаьцна? Баккъалла а кхечу цхьана хIуманах лаьцна яздан мегаш дац те? Хаьий хьуна, со дахарх лаьцна яздеш ву, амма дахарх лаьцна яздеш хилча, дIаваларх лаьцна цаяздар, иза дахаре билггал бакъдерг доцуш хьажар санна ду. Адамо Iожаллах лаьцна тахана ойла ян еза, тIаккха цIа боьду некъ а тахана бан беза, ткъа Iожаллин неIсагIехь а доцуш.

Францин паччахьо Людовик XIV-чо шен дахаран чаккхенгахь  Iожаллах лаьцна долу хабарш ца магийра, тIаккха йоккха гIала а йира. Цигара цхьа а кешнаш ца гора. Иза цу билггал бакъдолчух вада гIертара. Амма, гIишло йина яьллачул тIаьхьа, иза дIакхелхира.

Суна, дерриг а шен дахарехь берриг мисканаш беламе а беш, Делаца ма-дарра долу дахар а доцу, цхьа хьалдолу стаг вовзара. Иза даим а роль лозош хуьлура, Iожалла тIейогIуш хиларан ойла а ца еш. Амма цо хьалхе дуьйна билгалдина доцчу

дийнахь, иза цIаьххьана дIакхелхира. ХIара кхин а цхьа бохам хилларг ву. Ала мегар ду, театран бохам хилларг ву. Дела бахамна дуьхьал вац. Мелхо а, Дала декъалдо Шен бераш, уьш хьалдолуш хилийтархьама.

«ХIунда аьлча вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Іийсан дика девза шуна. Ша хьал долуш воллушехь, шун дуьхьа къий а велла, Шен къоьлла бахьана долуш шу хьал долуш хилийтархьама, дина Цо иза» (2 Коринтхошка 8:9).

Дела дуьхьал ву оьгIазечу дегнашна а, иблисана гIуллакх дарна а.

## МА-ДАРРА ДОЛЧУХ ЦКЪА А ТУЬЙРА ДУ МА АЛА!

Дуккха а болчу вайн заманхошна моьтту Дела а, Цунах тешар а бакъдолу хIума дац. Иза мифаш а, туьйранаш а ду. Тешаш долу адамаш иллюзешца дехаш ду, ткъа Іийсас аьлла: «Цундела дуьйцу Аса царна хьекъале дустарш. Уьш хьоьжуш боллушехь, царна хIумма а ца го дела а, ладугIуш боллушехь, хIумма а ца хеза я дуьйцучух ца кхета дела а» (Маттай 13:13).

Таханлера, иштта тӀаьхьара денош олучу деношкахь, тӀееана «гуш доллушехь ца гина» боху зама. ХӀун маьӀна ду кху меттиган? ЖамӀ дер вай цу инзаречу аларан. Ӏийсана дагахь дара, адамашна синан дуьне гург хилар, амма уьш тешар дац, иза ма-дарра хиларх. Ас дуккха а масалш далийра адамаш цӀаьххьана хаа дуьйлало шаьш цхьана ницкъашна кӀел хилар, амма царна тӀетан ца лаьа иза иблис хиларна. Масална, и маньяк, цхьана шена тӀехь куьйгалла деш болчу ницкъех лаьцна бохуш волу, ткъа цо ша Ӏазапехь латториг иблис хиларан ойла ца йора. Иза, уьш цхьа биополеш я бевзаш боцу тӀурненан ницкъаш хиларна тӀетан кийча вара. Иза муьлххачу а кхеташ доцчу хӀуманна тӀетан реза вара, иза иблис хиларна къера ца хилчахьана. ТӀурненехь, Дела а, иблис а доцург, кхин ницкъаш бац. Амма хӀунда тӀе ца тов адам иза иблис хиларна? Жоп цхьаъ ду: нагахь, теша а тешна, иза иблис хиларна тӀетахь, тӀаккха цуьнан тӀетан дезар ду Дела а волуш хиларна, иза туьйранаш ца хиларх, хӀунда аьлча иблисах лаьцна Делан Йозанашкахь аьлла ду. Амма Делан Йозанашкахь цхьа дакъа бакъахьара

делахь, важа дакъа а бакъахьара хила деза. Ткъа Делан Дош билггал бакъдерг а, ма-дарра долуш дерг а хилар тIеэцча, иза Делан Дош Iамо волалур ву, ткъа Iамо волавелча, иблисаца къийсам муха латто беза а, толам муха баккха беза а хуур ду. Цундела къайладоху иблисо шен ма-дарра долуш хилар а, нах а Iехабо, иза, шена цхьа а тIекхиалур воцу, цхьа ца бевзаш болу ницкъ бу бохуш, тIаккха иза уггар а йоккха харцо ю.

Цкъа цхьана доьзало, консультаци а беана, гIо дар дийхира. Цара шайн доьзалан бохамах лаьцна дийцира, шаьш берах муха девлира а, сихха миска хилла дIахIиттарх а, цхьаъ вукхунна тIаьхьа цамгарша шаьш дегорах а лаьцна а. Церан дешнашца цхьаммо царна бIаьрг хилийтинера. (Ас билгалдоккху, уьш ма-дарра Дела волуш хиларх ца тешара). ТIаккха ас хаьттира, хIун моьтту царна бIаьрг хиларх лаьцна? Церан ойланца, иза – холмачалла ду. ХIаъ, уьш бакъ бу. Со цаьрга иблис долуш хиларх дийца хIоьттира. Делан Дашо боху, цIу – хIумма а вац. Цунна тIаьхьа лаьттарг – хIумма а дац. Ала мегар ду, ша кехат а –

хIумма а дац. НеIалт цхьа мехала доцчу кехата тIе яздина хIума ду. Амма цу неIалтана тIехьа лаьтташ иблис ду. Цунна церан цIахь цхьа а цахилар хиъначу дийнахь дуьйна, аьлча а, шена новкъарло ен йолу кхин ниц ца хилар, иза и доьзал хIаллакбан доладелира.

Инжила тIехь яздина ду, «къу хIума лачкъо а, верхьама а, хIаллакдархьама а веана». «Ткъа Со шуна дахар дала веана», – боху Iийсас.

Цу дерригенах хезча, майрачо соьга элира, ша цкъа а ца тешара иблис а, Делан Дош а ма-дарра хиларх. Амма дерриге а доьзалехь хиллачо иза туьйранаш а доцуш, ма-дарра долуш дерг хиларх ойла йойту. Ас элира: «Аллилуя» (аллилуя – иза Далла хастам бохург ду). Ваша, эххар а хьо билггал бакъдолчунна тIе веа-кх. Цо элира хIинца го шена хьалха ца кхеташ хилла долу хIуманаш. Цо хаьттира, ша хIун дан деза хIинца аьлла. ТIаккха ас цуьнга некъ гайтира: шена тIехь, Далла тIе веанарг неIалт хиларна тIера декъалварна тIе вер ву дIаяздина долу Делан Дош довзуьйтуш. Цу дийнахь оцу доьзало Iийса шайн Веза Эла

хилар тӀеийцира. Ӏийсаца цхьаьна уьш шайн бӀаьрг хиллачу цӀа чу дӀабахара. Цхьа шо дӀадаьллачул тӀаьхьа, со ца хууш арахь царна тӀенисвелира. Цара, цхьаъ вукхо дуьйцучунна юкъа а лелхаш, Дала шайн доьзал декъалбарх лаьцна дийцира, шайна беанчу машарх лаьцна а, США-ра шайга пхеа шарахь кехат яздина воцчу гергарчу стага цӀаьххьана совгӀат дарх а: дуккха а ахча даййтинера, и бахьана долуш церан дерриг а декхарш дӀадала аьтто хилира, ткъа дисинчу ахчанах шайн гӀуллакх доло аьтто а хилира. И шиъ кестта бер хиларе сатуьйсуш а, ирсе а ду. ХӀора дош мосазза олу, цара Ӏийсана хастам бора. Ас шайга, хӀинца хӀун халонаш ю церан аьлла хаьттича, цара, цхьаъ бен йоцу хало, иза церан гергарчу наха Дела ма-дарра волуш хилар тӀе ца лацар ю, элира. ХӀинца уьш доӀанаш деш бу, церан гергарнаш Далла тӀеберзийтар доьхуш.

Цу дерригенах а сан Везачу Элана хастам бойла бен дац.

Санк-Петербургехь суна дуьхьалкхийтира 19 шарахь наркотикаш лелийна волу стаг. Иза цомгуш а, вала

гергавахана а вара, къинош дийцаре а дина, Іийса шен Веза Эла а, КІелхьарвоккхург а хилар тІелаьцча. Иза наркотикех воьзна хиларх паргІат а ваьлла, то а велла, Іийса тІеэцарна ирсе  ву. Иза зуда ялийна а вара, цуьнан бераш а дара, уьш берриш а Далла гІуллакх деш а бара. Ас шега цуьнан дахар хийцадалар муха нисделира аьлла хаттар дича, цо элира: «Сан бІаьргаш дІабеллабелира, тІаккха суна ма-дарра дерг гира». Ас шега «ма-дарра дерг» бохучух муха кхета веза аьлла хаьттича, цо соьга хІара дийцира. «Цкъа со сайна наркотик тоха маха кечбеш воллучу хенахь, цІаьххьана сан синан бІаьргаш дІабеллабелира, тІаккха суна сайна гонаха долу жинаш гира. Со церан карахь вара, церан лаам кхочуш а беш. Иза а гина, со кхераваларца чоьнна чуьра чоьнна чу ведда лела волавелира, амма уьш соьца дара, тІаккха со царех дІа ца вадалора. И дерриг а гарца, иза аса сайна кхоьллина дуьне хиларх кхийтира со». Цу гІуллакхо сан бала кхачийтира. Цо кхидІа а дийцира: «Суна сихха сайца цхьана классехь доьшуш волу, гуттара а суна Іийсах лаьцна а, Дела ма-

дарра волуш хиларх лаьцна а дуьйцуш волу накъост дагавеара. Аса сихха цуьнга телефон а тоьхна, тІаккха оццу суьйранна тхойшиъ вовшахкхийтира. Циггахь аса, сайн дахар Іийсан кара а диллина, Цунна тІаьхьахІотта сацам бира. Масех Іазапхьегаран де дІадаьлча, со вуьззина наркотикех возуш волчуьра паргІатвелира. Делан Йозанийн школе деша а вахана, цигахь сайн хин йолу зуда дуьхьалкхийтира суна. БархІ бутт баьллачул тІаьхьа со цомгуш хилира. Со меттахь Іуьллуш волчу хенахь, сан синан бІаьргаш цІаьххьана юха а дІабеллабелира. Амма суна хІинца ца гира жинаш. Сайна юххехь суна хи тІехъоьхуш льтта гІу гира. ГІу серлонах юьзна а яра, маликийн хастамаш баран кІеда-мерза аьзнаш а дара хезаш. Цул тІаьхьа со кхийтира: хІинца хІара ду ас сайна гонаха дІахІоттийна долу дуьне». ХІара ду кхин а цхьа дийцар, стаг билггал бакъдолчуьнга а хьаьжна, иза гина хилар, тІаккха уьш жинаш хиларна тІетайча, нийса аравалар карийра. Хаьий хьуна, тІедожийна дац хьалха ган а гина, тІаккха тешар. Іийсас аьлла: «Декъала бу ган а ца гина, амма тешнарш».

Цкъа сан мацах алкоголик хилларг вовзар нисделира. Тахана иза дезачу дахарехь вехаш а ву, Далла гIуллакх деш а ву. Сан хаттарна: «ЛадогIахьа, хIунда карийна хьуна Дела, ткъа кхиболу, малар мийларан бала хьоьгуш болу нах, ур-атталла лоьхуш а бац Дела?» Цо суна чIогIа тамашийна жоп делира. «Хаьий хьуна, 95% герггa алкоголикашна сурт хIутту («кIайн дагар» олу цунах). Царна ма-дарра дерг го: шаьш деш долу дуьне. Со царех къаьсташ ву, хIунда аьлча, сайна и ирча жинаш гича, со кхийтира: иза ма-дарра дерг ду. Со царех паргIатваларан кеп каро гIоьртира – тIаккха суна Iийса карийра. Iийсаца хилча, соьга сайн халонаш дIаяхаелира. Ткъа кхечу алкоголикаша тIе ца лоцу шайна гинарг ма-дарра долуш дерг хилар. Царна иза дуьххьалдIа бIаьрсанан Iехор ду моьтту. Билггал и бахьана ду цара билггал бакъ дерг ца лехар. Нагахь лоьхуш ца хилча, тIаккха кара а ца до». Iийсас ма бохура: «Леха, тIаккха карор ду шуна». ХIаъ, со Цуьнца реза ву. Лоьхуш волчунна карор ду, тIаккха неI етташ волчунна дIа а йоьллур ю; билггал бакъдерг карийначунна иза дIаделлалур ду.

Ма-дарра долчун а, билггал бакъдолчун а боккха ницкъ бу уьш цхьаьна гІулчаш йохуш догІучу хиламехь. Дуьненахь, нагахь лахахь, ма-дарра дерг карадойла ду билггал бакъдерг а доцуш я билггал бакъдерг ма-дарра дерг а доцуш.

Амма ас эр ду хьоьга, цхьа меттиг ю, билггал бакъдерг а, ма-дарра дерг а цхьаьна догІуш долу. Иза Делан Пачхьалкх ю, вайн Дела а, Іийса а, Деза Са а, тІаккха, дера ду, Делан Дош а.

Сан доттагІа, марша вогІийла хьо Делан Пачхьалкхе а, билггал бакъдерг а долчу а! Суна схьахетарехь, театрера арадовла дезаран хан, баланаш хьегарх дІа а къаьстина, Делан кевне гергадахкаран хан тІекхаьчна.

Фильм йоккхучу хенахь олуш ма-хиллара, иштта хІинца а ала мегар ду: «Стоп кадр!»

Фильм яккхар чекхдаьлла. ЦІа юха дахкаран хан тІекхаьчна. Амин!

ДИКАНЦА ДОГІИЙЛА ДЕН ГІОПА ЧУ!

«Ткъа шу хIетахь делла дара, шайн зуламаш а, къинош а бахьана долуш. Цхьана хенахь, и къинош тIехь а долуш, кху дуьненан вочу некъашна тIедевлла а, хIаваан ницкъийн элана тIаьхьахIиттина а лелаш ма дара шу. Цу эло хIинца а муьтIахь боцучу нехан дегнаш чохь болх бо. Цхьана хенахь вай массо а Iийра оцу нахана юкъахь, вешан хьайна болчу лаамех а дуьзна. Вешан догIмийн а, ойланийн а хьарам болу лаамаш кхочушбора вай. Кхиболу нах санна, вайн амалшка хьаьжжина, Делан оьгIазло тIеян дезаш дерш дара вай. Амма инзаре боккха къинхетам болуш волчу Дала, боккхачу безамца вай Шена дезарна, къинош а летийна, делла хилла долу вай, Ша леррина Къобалвинчуьнца цхьаьна дендина. Делан доккхачу диканца кIелхьардаьхна ду шу. Вай Цуьнца, ден а дина, стигалшкахь охьаховшийна Дала, Ша леррина къобалвинчу Iийсаца вай доьзна хиларехула. Цо иза дина, тIейогIун йолчу заманашна Шен диканан башха долу хьал гайтархьама. Ткъа Шен доккха дика Ша леррина къобалвинчу Iийсагахула вайга болчу безамехь гойтуш ду. Iийсах тешна дела,

Делан доккхачу диканца кIелхьардаьхна шу. Ткъа иза шуьгара дац. Иза Делан совгIат ду. Аша дика гIуллакхаш дина хиларна делла дац иза, цундела шух цхьаммо а дозалла ма де. Вай Дала кхоьллина тайпа ду. Ша леррина къобалвинчу Iийсаца вай доьзна хиларна, Дала вай кхоьллина, хьалххе дуьйна Ша вайна кечдина долу дика гIуллакхаш вайга кхочушдайтархьама» (Эпасхошка 2:1-10).

Делан Дашо боху, вай дерриш а мацах вешан дилханан а, ойланан а лаамаш кхочушбеш лелаш дара. ТIаккха вайн гIуллакхаш а хIаваэхь олалла деш волчу эланан санна дара. Амма Дала комаьршачу къинхетамца а, Шен боккхачу безамца а, цу тIе, тIех боккхачу безамца деллачу гIуллакхех а, зуламех а а дендина вай. Дела изза ву селхана а, тахана а, гуттара а. ТIаккха Делан Дашехь яздина а ду:

«ХIунда аьлча Шен цхьаъ бен воцу КIант дIаваллал дезна Далла хIара дуьне, муьлхха а Цунах тешнарг, хIаллак а ца хуьлуш, Ша волчохь долчу хедар доцчу дахаре кхачийтархьама» (Яхьъя 3:16).

Кхечу дешнашца иза иштта ала мегар ду: Далла адам оццул дезна: хьо а, со а, дерриш а, – Шен КIант сагIина валлал, вай массо а баланаш хьегарх а, цамгарех а, иштта йолчу театрех а, эххар а Iожаллах а, жоьжахатах а кIелхьардовлийтархьама. Адаман муьтIахь ца хиларан жамIехь, адамана цамгарш а, даим а долу Iазап а деана. Амма Iийсагахула адам кIелхьардаьлла цу дерригенах а. Иза Делан сийлахь дика ду, тIаккха, и кIелхьардовлар тахана хилархьама, цхьа хIума дан а я эца а ца деза. Иза хьуна а, массарна а мах боцуш деш ду. Хьан Iийсах, Иза хьан дуъхьа велла хиларх а, хьан дуъхьа цIий Iанийна хиларх а, денвелла хиларх а теша бен ца деза. Адам тешарца бен кIелхьара ца долу. Иза Лакин Инжила тIехь 23:39-43 йийцинчу историх чIогIа тера ду. Iийса жIарах дIатоьхнера шина зуламхочунна юккъехь. Уьш бара талор дийраш а, адамаш дойурш а, маьттаза дош олуш берш а, маларш муьйлуш берш а, – доцца аьлча, неIалт хиларан театран бохам хилларш. Талорхойх цхьаммо кIоршаме бохура Iийсага: «Нагахь Хьо Дала леррина Къобалвинарг велахь, кIелхьарваккха Хьо а,

тхо а». Иза гIайгIа беш вара кху доццачу дахаран, иза кхин а жимма а дахдархьама. Иза ур-атталла тешаш а вацара Иза – Дала леррина Къобалвинарг хиларх, тIаккха, леш воллушехь, емал а веш, бохура: «Нагахь Хьо Дала леррина Къобалвинарг велахь...». Ткъа вукху талорхочо, ша яханчу хенахь лелийначух а, хуьлуш долчух а кхеташ, Iоравоккхура шен доттагIа, шаьш муха дехаш дара а, стенна тIехула таIзар дIакхоьхьуш ду а дага а доуьйтуш. Цу муьрехь иза тийшира Iийсах, оццу хенахь иза кIелхьарваьккхина а вара, хIунда аьлча Iийсас цуьнга элира: «Билггала боху хьоьга: тахана Соьца ялсаманехь хир ву хьо».

«Везачу Элан цIе - дика йина бIов санна ю: хьанал стаг, цу чу кхаьчча, кхерам боцуш хуьлу цу чохь» (Кицанаш 18:10).

Билггал, нагахь тахана дика чIагIо йолуш гIап елахь, – иза Везачу Элан цIе ю. ТIаккха Делан Дашо боху, цу чу дIаводу бакъахьараниг, цигахь цунна ларвар а хуьлу. Тахана адамаш Iийсан цIарна чохь дIаловчкъу, аьлча а, Iийсах а тешаш, Цунна тIаьхьахIуьтту хан тIееана. Цу хиламехь бен адам тIебогIучу бохамех лардина хуьлийла

дац. Тахана, Цуьнан цIе дIа а тоьттуш, Делан ма-варра хилар дацаре а деш, адамаша кху дахарехь иблисах лардар а, цамгарех тодар а, халонаш дIаяхар а, тIаккха, эххар а, деллачул тIаьхьа абаденна хир долу ирсе дахар а дIатоьтту. Хила тарло, цхьаммо эр ду, ша Дела дIа ца тоьтту, Цунах теша а теша, амма ас Якъуба дахьийтинчу Кехатан меттиг ялор ю: «ГIуллакх дар доцу тешар делла ду». Ткъа хIун ду и гIуллакхаш бохург? ГIуллакхаш – иза зулам цадезар а, Делан Дош кхочушдар а, Везачу Элана гIуллакх дар а ду, амма и дерриг а Делах тешначул тIаьхьа ду, хIунда аьлча адам тешарца кIелхьардолуш ду, гIуллакхашца а доцуш. Делан Дашо боху, нагахь дагца теша а тешахь, багахь дийцаре а дахь, тIаккха кIелхьарвер ву хьо. Сих-сиха адамаша ойла йо, Iийсах теша дуьйладелча, дерригенах а девр ду, амма ас хьоьга эр ду: ахьа хьайн къилахь долу дахар дойур ду, кху дахаран театр долу. ТIаккха хьан дола ер ю стигал а, абаде а, доза доцу Делан безам а, дика а, ткъа нагахь доладаккхахь, Делан Дашо и дерриг а карийначаьрга хIун боху ладогIа. ХIара меттигаш Делан Йозанашкара

схьаэцна ю, уьш, хьоьга а, Делан гIопа чу юхаверза лууш волчу хIорранга а бохуш долу Делан Дешнаш ду. Цигахь цаьрга хьоьжуш уггар а безаме Да а, КIант а, Деза Са а ду.

Тешаш болчаьрга хьажийна долчу масех ваIдане хьовсур вай:

1. «Шу шайн Везачу Деле ладугIуш а хилахь, ас шуна тахана дуьйцуш долу, Цо тIедиллинарг дерриг а кхочушдеш а хилахь, шун Везачу Дала дуьнен чуьра массо а халкъал лакха ойур ду шун халкъ. Нагахь аша шайн Везачу Дала аьлларг дахь, иштта декъалдар хир ду шуна: ГIалахь а, арахь а декъала хир ду шу. Декъала хир ду шух схьадаьлла чкъор, шун лаьттах схьабаьлла стом, шун даьхнех – стерчех а, койх а схьадаьлла дохкана» (Карлабаьккхинарг 28:1-4).

2. «Веза Воккхачун тхов кIелахь вехаш верг Нуьцкъалчун IиндагIехь Iаш ву. Цо олу Везачу Эле: “Хьо сан гIап а, ха а ду, сан дегайовхо Хьайца йолу Дела а ву!” Цо кIелхьарвоккху хьо мостагIчун гурах а, лечу цамгарх а. Шен тIемашца дIахьулвина, Цо Iалашвийр ву хьо. Цуьнан тешаме хилар ду

хьан турс а, дуьхьало а. Буьйсанна хуьлучу Iадорах а, дийнахь кхоьссинчу пхарах а кхоьрур вац хьо, боданехь лелачу уьнах а, делкъехь кхетачу цамгарх а кхоьрур вац. Хьуна гонах эзар а, аьтту агIор итт эзар а вожа мега, амма хьуна Iожалла тIейогIур яц. Хьайн бIаьргашца гур ду хьуна зуламечу нахана таIзар хуьлуш. Везачу Элах хьайн гIап йина ахь. Веза Воккханиг хьайн Ларвийриг хаьржина ахь. Хьуна вон болх а хир бац, цамгар хьан цIенна улло а йогIур яц. Везачу Эло Шен маликашна тIедуьллур ду массо а хьан некъашкахь хьо ларвар. Цара куьйгаш тIехь дIахьур ву хьо, хьан ког тIулгах а ца тасаболуьйтуш. Лом а, лаьхьа а хьошур ду ахь, лоьман кIорни а, текхарг а эшор ду. Везачу Эло олу: “Со везарна кIелхьарвоккхур ву Ас иза, Iалашвийр ву Со лararна. Сайга кхайкхахь, жоп лур ду цунна. ГIайгIанехь Со цуьнца ву. Ас иза паргIат а воккхур ву, цуьнан сий а дийр ду. Цуьнан дахар деха а хуьлуьйтур ду, цунна кIелхьарвалар а лур ду”» (Забур 90).

3. «Дийнахь Везачу Эло Шен безам суна тIехьажабо. Буьйсанна соьгахь илли ду

Цунна – сан дахаран Деле долу доIа» (Забур 41:9).

4. «Даудан назма. Веза Эла сан Iу ву. Суна мел оьшуш дерг хир ду сан. Цо сийначу бай тIехь дIа а вижаво, тийначу хи тIе а вуьгу со. Сан синна ницкъ а луш, Шен цIеран дуьхьа со нийсачу новкъа воккху Цо. Iожаллин IиндагI долчу тогIи чухула со дIагIахь а, вонах кхоьрур вац со, хIунда аьлча Хьо соьца ву. Хьан некъан Iасано синтем ло суна. Сан мостагIашна а гуш, суна хьалха кхача биллина Ахь. Сан коьртах даьтта хьаькхна Ахь. Сан кад а тIех буьзна бу. Дикалла а, безам а хуьлийла соьца сан дахаран дерриг а деношкахь, тIаккха Везачу Элан цIа чохь сайн тIейогIу хан чекхйоккхур ю ас» (Забур 22).

5. «Веза Эла - сан серло а ю, сан кIелхьарвалар а ду. Со хьанах кхоьрур ву? Веза Эла - сан дахаран дIалечкъийла ю. Со хьан Iадор ву?» (Забур 26:1).

6. «Тешалаш Сох, Со Деца хиларх а, Да Соьца хиларх а. Ткъа шу цунах ца тешахь, Ас дечу гIуллакхашкахула мукъана а теша Сох. Бакъдерг боху Ас шуьга: “и Ас дийриг Сох тешачуьнга а далур ду. Кхин а сов

гӀуллакхаш далур ду цуьнга, хӀунда аьлча Со Сайн Да волчу воьду. ТӀаккха аша Сан цӀарах деххнарг Ас кхочушдийр ду, Ден сийлалла Цуьнан КӀантехула гучуяккхархьама. Ткъа аша хӀуъа а Сан цӀарах дехахь, Ас кхочушдийр ду иза. Нагахь шуна Со везахь, Ас шайна тӀедиллина гӀуллакхаш а кхочушде аша. Ткъа Аса Дега доьхур ду, тӀаккха Цо кхин „гӀо Дийриг" лур ву шуна, Иза абаде кхаччалц шуьца хилийта. Билггал бакъдерг гойту Са лур ду шуна, дуьнене тӀеэцалур доцу, шена Иза ган а ца го дела а, И довза а ца девза дела а. Ткъа шуна девза Иза, И шуьца долу дела а, шуна чохь И хир долу дела а. Байлахь дуьтур дац Ас шу. ВогӀур ву Со шу долчу. Кестта дуьненна гур вац Со, амма шуна гур ву Со. Соьца дахар хиларна, шу а дехар ду. Цу дийнахь хуур ду шуна Со Сайн Деца хилар а, шу Соьца хилар а, Со а шуьца хилар а. Ас тӀедиллина гӀуллакхаш тӀе а оьцуш, уьш кхочушдеш верг ву Со везарг. Ткъа Со везнарг Сан Дена а везар ву. Суна а везар ву иза, Аса Со гойтур ву цунна"» (Яхьъя 14:11-21).

7. «ХӀунда аьлча вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Іийсан дика девза шуна. Ша хьал долуш воллушехь, шун дуьхьа къий а велла, Шен къоьлла бахьана долуш шу хьал долуш хилийтархьама, дина Цо иза» (2 Коринтхошка 8:9).

8. «Дуьне а, дуьненан лаамаш а дӀабевр бу, ткъа Делан лаам кхочушбеш мел волчун хедар доцу дахар ду» (1 Яхьъяс 2:17).

9. «ТӀаккха, Цуьнан весеташ кхочуш а деш, Делан лаамехь вай леларна, хӀуъа а вай дехнарг лур ду Цо вайна» (1 Яхьъяс 3:22).

10. «Кхин а Цо соьга элира: Со ву массо а хӀума Долийнарг а, чекхдоккхун Верг а, церан Хьалхе а, Чаккхе а. Хьогах волчунна Ас бакъо лур ю дахаран хи долчу шовдан чуьра маьхза хи мала. Толам баьккхинчунна и дерриг а дуьсур ду, ткъа Со цуьнан Дела а хир ву, иза Сан кӀант а хир ву» (Довзийтинарг 21:6,7).

11. «Дала леррина къобалвина Іийса селхана а, тахана а, массо а хенахь а Ша Верг ву» (Іебархошка 13:8).

12. «Ткъа Хьан бӀаьргаш, Веза Эла, Хьан лаамехь болчаьргахьа боьрзу. Хьан лергаш

а, Веза Дела, церан тийжамашкахьа доьрзу» (Забур 33:16).

ХIинца хьан боккха аьтто бу, Iийса тIе а эцна, Цуьнан дезачу цIийца хьо бакъвайта, хIунда аьлча Цуьнан цIийно бен цIан ца до вай муьлххачу а къинах, тIаккха Делан гIопа чу а дохуш. Ткъа хIинца, нагахь хьо хьайна гонахарчу цу эрна дIасахьийзарна юкъара а, неIалт хиларан театрера а аравала лууш велахь, иштта доIа де:

Сан Да, со дохковаьлла айса вон мел лелийначунна, Хьо а ца вевзаш, иблисе сайх пайда эца магийтарна. ХIинца аса, Хьуна тIе а вогIуш, Хьайн гIопа чу валийтар доьху, Iийсан цIийца цIан а веш. Iийса, Хьо сан Веза Эла а, КIелхьарвоккхург а ву. Таханлерачу дийнахь дуьйна ас сайн дахар Хьуна лору. Сан Дела, вузахьа со Дезачу Синах.

Веза Эла, со Хьан ву абаденна.

Доьху Хьоьга, ларвехьа со.

Нагахь ахьа доллучу даггара и дехарца доIа динехь, хьо хIинца кIелхьарваьлла ву.

Далла тӀаьхьа кхидӀа а эха. Далла хьо чӀогӀа веза. ХӀинца маликаш стигалашкахь даккхийдеш ду хьан кӀелхьарваларна хелха а дуьйлуш. ДӀакхехьа иза, айхьа хӀинца дола ма-дарра.

Декъалавойла хьо Везачу Эло Шен сийлахьчу диканца.

Хьан доттагӀа а, ваша а Артур.

23.01.1999.

ЧУЛАЦАМ

Дешхьалхенан меттана 3
Ойла ян тарло… 4
НеІалт хилла театр 5
Ма-дарра долчух цкъа а туьйра ду ма ала! 14
Диканца догІийла Ден гІопа чу! 16

Артур Симонян